

# CARE CONNECTION

OTÒN 2022

BATI LAVI AN SANTE

**Kòmanse viv lavi w san tabak**

**Fè fas ak kansè pwostat  
ak kansè testikil**

**Ou bezwen transpò? Gen sèvis  
transpò ki disponib.**

**Tès depistaj pou kansè tete**

**Jwenn rekonpans pou konpòtman  
ki bon pou sante yo**

**Sonje pou renouvle!**

**Rete an kontak!**

**Pwoteje tèt ou kont  
grip la ak lòt maladi**

**Ou bezwen yon smatfòn?**

**Èske ou ta renmen jwenn  
diplòm GED® ou?**

**Prestasyon pou medikaman  
san preksipsyon nan famasi**

**Konnen ki kote ou ka ale  
pou resevwa swen medikal**

**Kenbe kontak avèk nou sou rezo sosyal yo**

**Telechaje aplikasyon mobil nou an  
san sa pa koute w anyen**



  
**AmeriHealth Caritas**  
Florida



## Kòmanse viv lavi w san tabak

Genyen anpil rezon ki ta dwe pouse w sispann fimen. Fimen gen rapò ak yon seri risk ki grav pou sante a, tankou kansè, maladi kè, dyabèt, bwonkonemopati kwonik obstriktif ak opresyon. Dayè, fimen se premye kòz ki fè moun mouri alòske yo te ka evite sa. Mete sou sa, li fè moun ki pwòch ou yo vin gen menm risk sa a akòz lafimen segondè a.<sup>1</sup>

Si w pare pou pote yon chanjman pozitif pou tèt ou e pou fanmi w, nou ka ede w sispann fimen nètale. Antanke manm AmeriHealth Caritas

Florida, ou ka enskri nan pwogram pou sispann fimen an, ki se youn nan pwogram konpòtman ki bon pou lasante nou yo. Ale sou <https://www.amerhealthcaritasfl.com/member/eng/healthresources/healthy-behaviors.aspx> pou dekouvri ki jan ou ka jwenn rekonpans lè ou sispann fimen. Mande pwofesyonèl sante prensipal ou kèk konsèy pou ede w sispann fimen e pou ede w kòmanse viv lavi w san tabak. Epitou, ou ka rele nimewo Florida Quit Line la pou jwenn èd: **1-877-U-CAN-NOW (1-877-822-6669)**. Liy sa a disponib 24 sou 24, 7 sou 7.

1. "Reasons to Quit Smoking," American Cancer Society, 10 oktòb 2020, <https://www.cancer.org/.../reasons-to-quit-smoking.html>.

### Nimewo telefòn ki enpòtan

Ou ka rele pou jwenn sèvis sa yo 24/7/365.

Ekip sèvis pou manm yo:

**1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**

Liy enfimiyè ki disponib 24 sou 24, 7 sou 7:

**1-855-398-5615**

Sèvis transpò:

**1-855-371-3968**

Ekip sèvis pou manm yo:

**1-855-371-3963**

Sèvis sante konpòtmantal pou manm yo:

**1-855-371-3967**

# Fè fas ak kansè pwostat ak kansè testikil

Èske ou konnen sentòm ki mache ak kansè pwostat ak kansè testikil? Toule de kansè sa yo se gason ki genyen yo sèlman, men ou ka trete yo si w detekte yo bonè ase. Li enpòtan pou aprann ki sentòm ou sipoze veye e pou pale ak doktè w sou tès depistaj ki ka ede w detekte epi trete kansè sa yo bonè.

Kansè pwostat se kansè yo plis dyagnostike kay gason nan peyi Etazini. Byenke li plis parèt kay gason ki gen 50 lane oswa plis, li ka afekte gason tout laj. Antouka, li esansyèl pou w detekte l bonè pou w gen plis chans pou rete an vi. Se pou rezon sa a, si w gen 50 lane oswa plis (oswa 45 lane oswa plis si w Afwo–Ameriken oswa si w gen moun nan fanmi w ki te gen kansè sa a deja), li enpòtan pou w pale ak doktè w sou sentòm ou genyen yo e pou w fè yon analiz san antijèn nan pwostat la (PSA), ki se yon tès woutin. Pale avèk pwofesyonèl sante prensipal ou si w gen sentòm tankou pipi souvan, difikilte pou pipi, yon sansasyon boule pandan w ap pipi, pwoblèm ereksyon, san nan pipi w oswa nan espèm ou, ak doule souvan oswa redè nan pati enferyè do a, ranch yo oswa pati siperyè kuis yo.<sup>1</sup>

Kansè testikil la se yon kansè ki pi ra an jeneral, men se li ki pi komen kay jèn gason ki gen ant 15 ak 39 lane. Menm jan ak kansè pwostat la, si w detekte li e ou trete li bonè, gen plis chans pou w rete an vi. Li enpòtan pou gason yo verifye si yo pa gen timè, sitou si se gason ki te gen testikil yo ki pa t desann nètale nan nesans yo oswa ki gen moun nan fanmi yo ki te deja gen kansè testikil.<sup>2</sup> Si w gen kesyon oswa si w ta renmen kwenn plis enfòmasyon, pale ak PCP w.

1. "Prostate Cancer," *Men's Health*, <https://us.movember.com/mens-health/prostate-cancer>.
2. "Testicular cancer facts," *Nuts & Bolts*, <https://nutsandbolts.movember.com/testicular-cancer-facts/>.

## Ou bezwen transpò? Gen sèvis transpò ki disponib.

AmeriHealth Caritas Florida ka ede w ale nan randevou w kay doktè. Pou jwenn yon transpò, rele ekip sèvis transpò AmeriHealth Caritas Florida a. Rele nou nan nimewo gratis **1-855-371-3968**, 24 sou 24/7 sou 7/365 jou nan ane a.

Si w bezwen yon èd espesyal, tankou yon chèz woulant, oubyen si w ta renmen pou moun ki pran swen w lan akonpaye w nan randevou a, fè nou konn sa. Nou ka pran dispozisyon pou ba w sèvis ou bezwen an.

Yon chofè pral chèche w nan yon espas inèdtan anvan lè randevou a. Li pral remèt ou yon kat ak nimewo telefòn li. Lè randevou a fini, se menm chofè a ki pral chèche w sou inèdtan apre lè ou rele l la.

Pwofesyonèl sante w ka òganize transpò w tou. Èske ou gen kesyon oswa kèk bagay ki trakase w konsènan transpò w? Rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 sou 24/7 sou 7/365 jou nan ane a.



## Tès depistaj pou kansè tete

Li enpòtan pou fi ki gen ant 50 ak 74 lane yo fè yon mamografi depistaj kansè tete. Sonje doktè w gendwa sijere w fè yon tès depistaj, men sa fòseman pa vle di li panse ou gen kansè, Yo fè tès depistaj lè pasyan an pa gen sentòm kansè. Objektif tès depistaj la se detekte kansè a bonè, lè yo ka trete l e yo ka geri l. AmeriHealth Caritas Florida vle ede w atenn objektif ou yo nan domèn sante. Atravè pwogram konpòtman ki bon pou lasante a, ou ka resewva yon kat kado lè ou fè mamografi w.\*

## Jwenn rekonpans pou konpòtman ki bon pou sante yo

Nou vle ede w atenn objektif ou yo nan domèn sante. Pwogram konpòtman ki bon pou lasante AmeriHealth Caritas Florida yo ka ede w amelyore sante w toutpandan w ap jwenn rekonpans pou sa.\* Pou chak pwogram konpòtman ki bon pou lasante ou fini, w ap resewva yon kat kado pa lapòs. Pwogram konpòtman ki bon pou lasante AmeriHealth Caritas Florida yo se:

- Matènite
- Pòspatòm
- Vizit woutin kay doktè pou timoun
- Vizit woutin kay doktè pou timoun ak adolesan
- Sèvis prevansyon oswa sèvis anbilatwa pou adilt
- Tès depistaj pou plon
- Tès pou moun ki gen dyabèt
- Egzamen je pou moun ki gen dyabèt
- Suivi sante konpòtmantal
- Tès depistaj pou kansè tete
- Tès depistaj pou kansè sèvikal
- Pwogram pou pèdi pwa
- Pwogram pou sispann fimen
- Pwogram retablisman anba abi alkòl ak lòt sibstans

Si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou pwogram konpòtman ki bon pou lasante nou yo, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**. Epitou, ou ka ale sou sit Entènèt nou an nan adrès **[www.amerhealthcaritasfl.com](http://www.amerhealthcaritasfl.com)**.

\*Ou ka patisipe nan plizyè pwogram konpòtman ki bon pou lasante (depi ou kalifye). Ou ka resewva jiska \$50 kòm rekonpans pa ane pou chak pwogram. Ou ka enskri nan chak pwogram konpòtman ki bon pou lasante yon sèl fwa chak ane. Ou pa kapab sèvi ak rekonpans yo pou achte alkòl, tabak, biyè bòlèt, medikaman (sòf si se medikaman ki san preskriyon), zam afe, oswa minisyon. N ap voye rekonpans yo apre nou verifye si w te fini pwogram konpòtman ki bon pou lasante a nètale.

# Sonje pou renouvle!

Yon fwa chak ane, Depatman Timoun ak Fanmi an (Department of Children and Families) gendwa voye yon lèt ba w pou mande w enfòmasyon pou renouvle kalifikasyon w pou Medicaid. Sa ap pèmèt ou kenbe prestasyon Medicaid ou yo. Lè ou jwenn lèt renouvèlman an, se moman pou aji!

**Pandan peryòd ijans sante piblik ki gen rapò ak COVID-19 la (Public Health Emergency, PHE), moun ki enskri nan Medicaid yo pa p pèdi kalifikasyon yo si yo pa voye dokiman renouvèlman yo.** Sepandan, lè peryòd PHE ki gen rapò ak COVID-19 la fini, gen yon peryòd kout ki rete pou ranpli e pou voye enfòmasyon w yo bay Depatman Timoun ak Fanmi an. Si w pa voye yo nan delè yo ba w la, ou menm ak/ oswa pitit ou yo te ka pèdi asirans Medicaid ou.

**Ou gen anpil enpòtans pou nou!** Nou vle ede w amelyore sante w, rete an sante epi kontinye benefisye prestasyon AmeriHealth Caritas Florida w yo. Si w gen kesyon, tanpri kontakte Depatman Timoun ak Fanmi an nan **1-866-762-2237**. Epitou, ou ka gen posiblite tcheke kalifikasyon w yo oswa renouvle yo sou Entènèt. Tanpri ale sou [www.myflorida.com/accessflorida](http://www.myflorida.com/accessflorida).

## Rete an kontak!

Èske w fèk chanje kay oswa nimewo telefòn? Fè nou konn sa! Konsa n ap kapab kontakte w pou ba w enfòmasyon sou sante w ak prestasyon w yo. Pou mete kowòdone w yo ajou, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**.

## Pwoteje tèt ou kont grip la ak lòt maladi

Grip la se yon viris ki gaye lè yon moun transmèt li bay yon lòt moun. Ou ka pwoteje tèt ou e pwoteje moun ki pwòch ou yo kont grip la. Pran yon piki (vaksen) kont grip la chak ane.

Genyen lòt piki ou ka bezwen tou. Mande pwofesyonèl sante w ki vaksen ki pi bon pou ou.



## Ou bezwen yon smatfòn?

Antanke manm AmeriHealth Caritas Florida, depi ou kalifye, ou ka resevwa yon smatfòn\* san sa pa koute w anyen. Smatfòn nan ka ede w itilize sèvis telemedsin yo. Prestasyon sa a mache avèk yon kantite done Entènèt ak minit ou resevwa chak mwa, yon kantite mesaj tèks ki pa limite, ak apèl telefòn lè w ap rele ekip sèvis pou manm AmeriHealth Caritas Florida yo. Pou jwenn plis enfòmasyon e pou aplike, kontakte patnè nou, SafeLink, nan **1-877-631-2550**, epi mansyone kòd pwomosyon AMERIHEALTH.

\*Limit la se youn pou chak fwaye. Ou dwe gen omwen 18 lane pou kalifye.

# Prestasyon pou medikaman san preksipsyon nan famasi

AmeriHealth Caritas Florida gen yon katalòg pwodui sante ak byennèt san preskripsyon ki ka gen kèk nan pwodui ou ka bezwen yo ladan l. Ou ka konsilte katalòg la sou sitwèb nou an. Katalòg la bay detay sou prestasyon yo e li esplike fason ou ka kòmande pwodui yo.

- Pou kòmande pwodui oswa pou mande yon katalòg sou fòm pape, ou ka rele sèvis famasi pou manm yo nan **1-855-371-3963**, lendi pou vandredi, soti 8:30 rive 6:00 diswa nan lè ET.
- Nou pral voye pwodui yo pa lapòs san sa pa koute w anyen. Tanpri ban nou senk a sèt jou biznis pou n voye kòmand ou a. Gen kèk medikaman mak nou gendwa mansyone nan lis sa a kòm referans sèlman. Ou gendwa resevwa vèsyon jenerik la. Atik yo, montan yo, gwosè yo ak valè yo ka chanje selon disponiblite pwodui yo. Sa atik yo koute ka chanje chak ane. Tanpri konsilte pwofesyonèl sante prensipal ou (PCP) anvan ou itilize nenpòt pwodui san preskripsyon. Lis pwodui sa a gendwa chanje.
- Kòb ou ka resevwa pou pwodui sante ak byennèt san preskripsyon se \$25 pa mwa pou fwaye a. Ou gen dwa pou pase yon sèl kòmand chak mwa. Si w pa itilize kòb sa a, ou pap ka itilize l nan mwa ki vin apre a.

Si w gen lòt kesyon jeneral, tanpri kontakte ekip sèvis pou manm AmeriHealth Caritas Florida yo nan **1-855-355-9800** (TTY **1-855-358-5856**).

**Katalog pwodui sante ak byennèt san preskripsyon nou an ba w anpil opsyon pou ede w rete an sante.**

## Èske ou ta renmen jwenn diplòm GED® ou?

Mission GED, ki se yon pwogram AmeriHealth Caritas Florida, ede manm yo jwenn diplòm ekivalans jeneral yo. Jwenn zouti ak sipò ou bezwen an pou kontinye etid ou yo e pou atenn objektif ou yo. Ale sou sitwèb nou an oswa kontakte ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800** (TTY **1-855-358-5856**) pou jwenn plis enfòmasyon.



# KONNEN KI KOTE OU KA ALE POU RESEVWA SWEN MEDIKAL

## DOKTÈ PRENSIPAL (PCP) Swen medikal woutin ki pa swen ijans.

PCP w gendwa bay vizit telemedsin tou.

### Men kèk egzanp:

- Egzamen ki pou fèt chak ane
- Pwoblèm sante kwonik
- Lafyè
- Vaksinasyon
- Ti maladi oswa ti blesi
- Swen sante ki pa swen rapid
- Swen prenatal
- Vizit woutin

## Telemedsin MDLIVE® Disponib 24 sou 24/7 sou 7/365 jou nan ane a, kèlkeswa kote ou ye a! Chwazi ki metòd ou ta pito pou pale ak yon pwofesyonèl sante MDLIVE:

- Telechaje aplikasyon MDLIVE la nan boutik Google Play™ oswa nan Apple App Store®.
- Ale sou [www.mdlive.com/acfl](http://www.mdlive.com/acfl)
- Rele nan **1-877-601-0641** Voye mesaj tèks ACFL bay **635483** (Ou ka gen pou peye sa operatè telefòn mobil ou mande pou voye mesaj oswa pou itilize done sou Entènèt.)

MDLIVE se yon sèvis ki la pou swen medikal ki pa ijan sèlman. Nan ka ijans, rele **911**.

### Men kèk egzanp:

- Alèji oswa pwoblèm sinis
- Sentòm rim oswa grip
- Konstipasyon oswa dyare
- Doulè nan zòrèy (pou moun ki gen 4 lane oswa plis)
- Maloje
- Iritasyon sou po a
- Pwoblèm respirasyon
- Malgòj
- Vant fè mal
- Enfeksyon kanal pipi a (pou fi ki gen 18 lane oswa plis)
- Ak plis bagay toujou

## SWEN RAPID Swen ou ka jwenn rapid lè ou pa nan yon ka ijans.

### Men kèk egzanp:

- Doulè nan zòrèy
- Lafyè
- Grip
- Ti koupe ak ti boule
- Iritasyon sou po a
- Antòs
- Enfeksyon kanal pipi
- Vomisman

## SWEN NAN SAL DIJANS Lè ou bezwen yon èd medikal tousuit

### Men kèk egzanp:

- Senyen san rete
- Zo kase
- Doulè oswa presyon nan pwatrin
- Toufe
- Ovèdòz
- Blesi nan tèt, nan kou oswa nan kolòn vètebral
- Lafyè
- Anpwazònman
- Tranche ak/oswa senyen
- pandan gwosès
- Kriz malkadi
- Gwo boule oswa gwo koupe
- Gwou toudisman
- Souf kout oswa pa kapab respire

## SI W PA KONNEN KI KOTE POU W ALE

Rele PCP w dabò pou l ede w deside. Si w pa rive jwenn PCP w, liy enfimyè nou an toujou disponib pou ou, 24 sou 24, 7 sou 7, nan **1-855-398-5615**.

Si w gen yon ijans, rele **911**.

Si w gen yon ijans sante mantal oswa si w anvè touye tèt ou, rele **988**.



# Telechaje aplikasyon mobil nou an san sa pa koute w anyen\*:

Aplikasyon mobil AmeriHealth Caritas Florida a disponib sou smatfòn iPhone® ak Android™ sou non AHC Mobile. Pou jwenn aplikasyon mobil la, ale nan boutik Google Play™ oswa nan Apple App Store®.

\*Ou ka gen pou peye sa operatè telefòn mobil ou mande pou voye mesaj oswa pou itilize done sou Entènèt.



Apple



Android

Eskane kòd pou Apple® oswa Android™ pou telechaje aplikasyon an.

**Kenbe kontak avèk nou sou rezo sosyal yo**



Pou jwenn dènye enfòmasyon ki disponib yo sou kowonaviris la (COVID-19), tanpri ale sou sitwèb nou an nan adrès [www.amerihealthcaritasfl.com](http://www.amerihealthcaritasfl.com).



### **Zak diskriminasyon pa ann amoni ak lalwa**

AmeriHealth Caritas Florida dakò ak lwa federal sou dwa sivil yo epi li pa fè diskriminasyon, li pa mete moun sou kote ni li pa trete moun yon fason ki diferan akoz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap, kwayans, relijyon, zansèt, sèks, idantite oswa ekspresyon seksyèl, oubyen oryantasyon seksyèl.

AmeriHealth Caritas Florida:

- Bay moun ki gen andikap asistans ak sèvis gratis (san yo pa peye pou sa) pou kominike fasilman ak nou, tankou:
  - Entèprèt konpetan nan lang siy.
  - Enfòmasyon sou lòt fòm (gwo karaktè, odyo, fòm elektwonik aksesib, lòt fòm ankò).
- Bay moun ki pa fò nan anglè sèvis lang gratis (san yo pa peye pou sa), tankou:
  - Entèprèt konpetan.
  - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang.

Si w ta bezwen youn nan asistans sa yo, kontakte AmeriHealth Caritas Florida nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**. Nou disponib 7 jou sou 7 epi 24 sou 24.

Si w ta konstate AmeriHealth Caritas Florida neglije bay sèvis sa yo oswa te fè diskriminasyon kont ou yon lòt fason, ou menm oswa reprezantan otorize w (depi nou gen otorizasyon w alekri nan dosye nou yo) kapab depoze yon doleyans bay:

- Grievance and Appeals, P.O. Box 7368, London, KY 40742. Telefòn: **1-855-371-8078 (TTY 1-855-371-8079)**, oswa Fax: **1-855-358-5847**.
- Ou ka depoze yon doleyans pa mwayen imèl, faks, oswa telefòn. Si w gen difikilte pou w depoze yon doleyans, ekip sèvis pou manm AmeriHealth Caritas Florida yo ap kontan ede w.

Ou ka pote yon plent sou dwa sivil bay Depatman Sante ak Sèvis Dwa Moun Etazini an ak Biwo Dwa Sivil la pa mwayen elektwonik, ou ka fè sa sou Paj pou Plent Biwo pou Dwa Sivil la nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa pa mwayen kourye oswa telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services  
200 Independence Avenue, SW  
Room 509F, HHH Building  
Washington, D.C. 20201  
**1-800-368-1019 (TTY 1-800-537-7697)**

Fòmilè pou plent yo disponib nan:  
<http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>.

English: This information is available for free in other languages. Please contact our customer service number at **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 hours a day, seven days a week. If your primary language is not English, or to request auxiliary aids, assistance services are available to you, free of charge.

Spanish: Esta información está disponible en otros idiomas de forma gratuita. Póngase en contacto con nuestro número de servicios al cliente al **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, las 24 horas del día, los siete días de la semana. Si su idioma principal no es el inglés, o necesita solicitar ayudas auxiliares, hay servicios de asistencia a su disposición de forma gratuita.

Haitian Creole: Enfòmasyon sa yo disponib gratis nan lòt lang. Tanpri kontakte ekip sèvis kliyan nou an nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 è sou 24, sèt jou sou sèt. Si anglè pa lang manman w oswa si w ta renmen mande yon èd konplemantè, ou ka resevwa sèvis ki gratis pou ede w.

Vietnamese: Thông tin này có sẵn miễn phí ở các ngôn ngữ khác. Vui lòng liên lạc bộ phận dịch vụ khách hàng của chúng tôi theo số **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 giờ một ngày, bảy ngày trong tuần. Nếu ngôn ngữ chính của quý vị không phải là tiếng Anh, hoặc để yêu cầu các thiết bị trợ giúp bổ sung, thì quý vị có thể sử dụng miễn phí các dịch vụ hỗ trợ.



**AmeriHealth** *Caritas*<sup>™</sup>

---

Florida

ACFL\_222184350-1

M1413\_2103

All images are used under license for illustrative purposes only. Any individual depicted is a model.